



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 23 desanm 2014

GOUVÈNÈ CUOMO FELISITE FÈMYE NEW YORK SOU GWO KANTITE LAVANT KI JANM GENYEN

Lap kontinye ak efò pou l ouvri nouvo mache pou ekonomi agrikilti Eta a kap devlope

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse fèmeye nan New York te abli yon rekò nan resèt lajan pou lane 2013, ak \$5.68 milya resèt lajan—sa ki plis pase \$1 milya parapò ak twa lane anvan yo. Dapre enfòmasyon federal ki fenk soti, resèt lajan, yo konsidere kòm revni brit ki soti nan vant rekòt, betay, ak lòt pwodi, soti lane 2011 rive 2013 se te pi wo yo janm anrejistre.

“New York pwodi kèk nan pi bon pwodi ak pwodi agrikòl nan monn nan epi priyorite administrasyon sa se ede nan pwomosyon sektè a, fasilite pwosedi administrative yo epi bese kou yo pou ede l devlope,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Prèk siksè sa twouve yo chif yo epi mwen felisite fèmeye ak pwodiktè yo pou travay di yo chak jou ak pou fyète yo pote pou New York.”

Premye priyorite Gouvènè a se devlopman ekonomi agrikòl eta a depi lè li pran pòs la, kote li kreye nouvo mache pou pwodiktè pwodi agrikòl, devlope nouvo opòtinite pou pwodiktè vann pwodi yo atravè pwogram Taste NY la, epi tou lotre jou la, li eseye fasilite koneksyon an ant pwodiktè agrikòl nan nò ak konsomatè nan sid eta a.

Revni Agrikòl:

2010: \$4.644.950.000

2011: \$5.437.633.000

2012: \$5.471.639.000

2013: \$5.677.561.000

Komisyonè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball, te di konsa, “Depi premye jou li, Gouvènè Cuomo souliyen enpòtans agrikilti nan estrikti ekonomi New York epi rezilta yo pou ekonomi agrikòl eta nou an pale pou tèt yo. Nan tout peyi a yo konsidere New York tankou yon lidè nan politik agrikòl epi Gouvènè a gen merite lwanj pou sa. Nan kat ane sèlman, li aleje lwa pou te pèmèt twoupo vach yo agrandi, li plafonnen evalyasyon tè agrikòl nan de pousan chak ane, li rezoud pwoblèm pou anpeche mank manje nan zòn

iben, epi li ouvri nouvo mache atravè pwogram Taste NY la. New York se yon eta opòtinite tout bon pou agrikilti, epi mwen kwè gen pi bon bagay ankò kap vini.”

Anpil bagay rive tou nan sektè bwason atizanal eta a kap devlope depi lè yo te òganize de somè sektè a. Craft New York Act la te vinn lwa, sa ki te bay pwodiktè bwason New York plis okazyon pou yo vann pwodi yo epi ogmante vant yo. Taste NY te kreye tou, epi nan yon tikras tan te vinn youn nan pwogram komèsyalizasyon pi efikas nan istwa Eta New York. Efò administrasyon an pou sektè bwason an te rive nan tòp nivo li nan mwa oktòb 2014, lè Wine Enthusiast Magazine te nonmen New York “Rejyon Diven Ane a”, kote l te vante kalite diven li yo, kokenn devlopman sektè a, ak anviwonman komèsyal amelyore anpil la, sitou pandan kat dènye lane grasa sipò Gouvènè Cuomo.

Premye Somè Farm to Table Upstate-Downstate Agriculture ki te fèt kèk semèn anwo, te prezante yon kantite nouvo inisyativ ki kreye pou pi byen konekte sektè agrikòl nan rejyon nò a ak konsomatè nan sid eta a. Yon nouvo inisyativ Buy NY te prezante, ki pral ede ogmante acha agrikòl Eta New York pami ajans eta a ak lòt enstitisyon. Administrasyon an angaje l tou nan devlopman yon Mache Agrikòl Angwo Manje Lokal, ki pral ogmante kantite mache metwopoliten pou pwodiktè agrikòl, pandan tou l ap ede ogmante kantite manje fre ak bon pou sante nan zòn iben.

Dapre yon etid Pwofesè Cornell, Todd Schmit, te fè, sektè agrikòl New York gen yon efè miltiplikasyon solid sou ekonomi eta a. Pou chak dola ki depanse nan pwodi agrikòl, yon lòt \$.43 kreye pou sektè ki pa agrikòl. Mete sou sa, chak nouvo dyòb ki kreye nan agrikilti pwovoke kreyasyon 80 dyòb ki pa agrikòl.

W ap jwenn statistik sou revni ak richès agrikòl ki montre reyalyasyon san parèy New York [la a](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People
Performance * Integrity * Pride